



RESILIENT NORTHEASTERN NEW JERSEY

Pwojè Resilient Northeastern NJ ap mete chita ansanm moun k ap viv, travay, ak jwe nan Vil Jersey, Newark, Hoboken, ak Bayonne pou kreye yon plan aksyon aklè pou rezoud pwoblèm inondasyon nan moman an ak pidevan, pandan l ap amelyore kalite lavi a pou moun sa yo.

Resilient Northeastern NJ pral:

- **Bati relasyon** toupatou nan rejyon nou pou **ankouraje kolaborasyon pidevan** sou kesyon rezistans ak sou lòt kesyon.
- **Devlope solisyon pou elimine risk inondasyon** avèk pi bon done ki disponib, prensip global pou pran desizyon, ak remak w ap bay!
- Planifye **aksyon** ki kapab kòmanse nan pwojè k ap chanje anviwònman bati nou an, pou rive nan politik tounèf, nan pwojè pou edikasyon ak kominote.



Zòn Pwojè Resilient Northeastern NJ

Gade dezyèm paj depliyàn sa a pou **VIN ANGAJE!**

Ansanm, nou pral kreye yon plan aksyon pou rezoud pwoblèm inondasyon nan moman an ak pidevan. Pou fè sa, n ap reyalize etap sa yo:

LANSMAN
Mas 2021

PLAN FINAL
Me 2022

VIZYON AK PRIYORITE

Kisa nou vle rejyon nou an sanble nan ane 2070? Kisa ki ta dwe rete menm jan epi kisa ki ta dwe chanje? Kisa nou vle relasyon nou avèk dlo sanble?

RISK AK ZOUTI

Ki katye ak enfrastrikti nan rejyon nou an ki pi arisk pou gen inondasyon jodi a ak pidevan (2070)? Ki zouti nou genyen pou elimine risk sa yo?

SOLISYON PSIB YO

Ki politik, pwogram, ,oswa pwojè nou kapab egzekite pou elimine risk yo epi pou reyalize vizyon nou idantifye yo? Kijan solisyon yo pral afekte rejyon nou an?

PLAN AKSYON

Pou ki aksyon n ap pran angajman? Kisa k ap nesèsè pou akonpli aksyon sa yo? Kijan chak moun ki nan rejyon nou an kapab fè kichòy pou ede?



www.resilient.nj.gov/nen | Liy Dirèk: 201-275-0861 | Imèl: ResilientNENJ@dep.nj.gov





RESILIENT NORTHEASTERN NEW JERSEY

ANGAJE LADAN

Remak ou pral ede fòmè vizyon an pou avni rejyon nou an, idantifye pati kominote ou, ki pi enpòtan pou ou, epi devlope ak evalye lòt kalite aksyon posib yo.

FASON POU KONTRIBIYE:

- Reponn kesyonè **OSONDAJ NOU AN** (klike sou lyen an oswa eskane kòd QR)
- Abòne ou pou resevwa dènye enfòmasyon yo avèk **EMAIL LIST SIGN-UP** (klike sou lyen an oswa eskane kòd QR)
- Telechaje aplikasyon angajman nou an (eskane kòd QR) pou fè nou konnen panse ou kèlkeswa kote ou ye
- Rele liy dirèk pwojè milti-lang nou nan nimewo **201-275-0861** epi kite yon mesaj avèk kòmantè ou
- Ale sou sitwèb konvèsasyonèl nou an: <http://www.resilient.nj.gov/nenj>
- Swiv kont @ResilientNENJ nou yo sou Facebook ak Twitter, epi swiv @Resilient_NENJ sou Instagram
- Imèl nou kesyon ou yo nan adrès imèl ResilientNENJ@dep.nj.gov
- Fè nou konnen lide ou yo konsènan kominote ou avèk kreyasyon atistik! Itilize [fèy desen pou mete kolore yo ki disponib sou sitwèb nou an](#) pou montre nou panse ou yo, answit voye yo ba nou nan medya sosyal oswa nan imèl
- Ede nou gaye pawòl la avèk distribisyon depliyen sa a!

SAKI PRAL GENYEN:

- *Reyinyon piblik vityèl, gwoup refleksyon, ak lòt fason pou kontribiye dapre kòmantè ou bay yo!*

Kominote yo fè yon patenarya avèk NJDEP pou dirije pwojè sanblab nan lòt zòn sa yo:

- Kominote Raritan River ak Kominote Bay
- Long Beach Island
- Rejyon Lakòt Konte Atlantic

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt pwojè sa yo, ale sou sitwèb <https://www.resilient.nj.gov>

Kisa "rezistans" ye?

Rezistans se posiblite pou adapte nan chanjman kondisyon yo epi pou grandi malgre difikilte yo. Nan kontèks inondasyon, nou vle di fòmasyon kominote ki gen tisi sosyal ak enfrastrikti solid k kapab redrese byen vit apre tanpèt yo.

kisa "risk" ye?

Risk se posiblite pou gen yon danje, tankou inondasyon, pou gen konsekans negatif. Risk pou gen inondasyon se posiblite pou dlo kreye domaj ak deranjman nan kominote nou yo. Risk pou gen inondasyon ogmante lè danje a ogmante, tankou akòz nivo lanmè a, oswa anpil lapli, oswa lè gen moun ki an danje.

SONDAJ




ENSKRIPSYON NAN LIS IMÈL LA



Telechaje Aplikasyon Irys la:

APARÈY IOS



APARÈY ANDROID YO

